



Chè elèv ak fanmi lekòl BGA,

21 out, 2023

Nan non tout manm pèsonèl lekòl Boston Green Academy an antye, byenveni e bòn ane skolè ! Ane sa a pwomèt pou l yon gran ane, k ap gen ladan l divès nouvo opòtinite pou elèv yo ak angajman kontinyèl nou pou asire ke lekòl BGA se yon lekòl kote w kapab kwè, grandi, e reyisi. Nou vrèman apresye devouman nou pou n aprann, sipò nou bay youn lòt ; ak detèminasyon nou genyen. Nou espere wè nou premye jou lekòl, **jedi, 7 septanm, a 8:00 am !**

Men kèk bagay kle ou dwe konen pou w prepare w pou nouvo ane skolè a :

- **Ane k ap vini a-** Etandoneke, an jeneral, pandemi a fin pase, sa ban nou anpil plezi pou n kapab ajoute plizyè opòtinite nan divès pwogram lekòl BGA a ane sa a. Nou fyè pou n kapab ofri twa nouvo kou Plasman Avanse « AP » (Etid Ameriken Nwa, Konparezon Gouvènman, ak Pre-Kalkil), k ap ban nou nèf kou antou. Nou te arive renove sal de klas eksteryè nou an (sal de klas deyò nou an) konplètman, e li prè pou l ebèje divès elèv ak evènman. Nou te arive achte divès òdinatè chromebook pou tout elèv pou ranplase sa ki ansyen yo, epitou nou gen nouvo mèb ki arive vini pou tout sal de klas lekòl segondè yo. N ap ajoute senk ekip spò nan kowoperasyon pwospè « Boston United Co-Op » nou an (gade nan pati anba a) ansanm ak plizyè klib ak patenarya anplis. E sa se anplis tout gran bagay nou gen deja nan lekòl BGA !
- **Nouvo manm pèsonèl-** Epitou nou kontan anpil pou n kapab akeyi nouvo Asistan Direktris Lekòl nou an, Madam Yeji Son, yon ansyen direktris ak pwofesè matematik lekòl mwayèn, k ap pral travay avèk tout elèv klas 6yèm jiska 12yèm ane yo, ak yon ti nonb nouvo manm pèsonèl ou pral fè konesans avèk yo trè byento, infwa ke ane skolè a kòmanse. Mèsi dèské w resevwa yo !
- **Valè ak Atant-** Nou vle kontinye pwogrè nou arive fè yo antanke lekòl, nan fason n ap kontinye elve atant ak sipò nou yo pou tout elèv. Pou n fè sa, n ap bezwen èd ou. N ap kontinye gen divès regleman k ap pi solid nan lekòl BGA ane sa a pou n minimize kontryante, maksimize aprantisaj, e asire ke tout moun respekte nan komunitate skolè nou an. Nou vrèman vle viv **valè fondamantal nou yo** ak **machasuv nou yo parapò a afè sekirite**. N ap pral fè yon repase sou sijè sa yo an detay avèk tout elèv ak fanmi, pandanke n ap kòmanse ane a- atann resevwa plis enfòmasyon trè byento. Mèsi dèské w ap bay komunitate nou an sipò, pou ke n kapab konsantre nou sou aprantisaj.
- **Reyinyon Dakèy Asanble Piblik nou yo-** N ap kontan anpil pou n wè w nan **Reyinyon Dakèy yo pou lekòl BGA** jou **Jedi, 31 out**, kote ke n ap pral pataje divès mizajou, pale sou regleman nou yo, e reponn divès kesyon. Toude reyinyon yo ap fèt sou Zoom : Fanmi elèv etid mwayèn yo (MS) ap reyini 5:00 pou 6:00pm ([lyen an la](#)), fanmi elèv etid segondè yo (HS) ap reyini 6:00 pou 7:00 pm ([lyen an la](#)). Tanpri jwenn ansanm avèk nou !
- **Regleman sou Prezans-** Etandone pandemi a fin pase, lekòl BGA trè konsantre sou amelyore prezans elèv yo. Avan COVID, to prezans lekòl BGA la an mwayèn te depase 90%

chak jou. Ane pase li te 84% (e l te pi ba pou plizyè elèv). Nou konen nou kapab fè mye ke sa, e nou bezwen fè mye ke sa. Atant lekòl BGA pou ane sa a se pou tout elèv vin lekòl an pèsòn, senk jou pa semèn. Pou n kore sa, regleman nou an di ke nenpòt elèv ki gen kat absans, oswa plis, nan yon mwa, ki pa jistifye, p ap an « bòn pozisyon » ('good standing') e li ka pèdi aksè nan spò yo, aktivite estraskolè yo, ekstansyon nou bay pou afè nòt yo, ak divès lòt privilèj ankò. Pou yon elèv retounen nan bòn pozisyon 'good standing', li menm ak fanmi li ap pral bezwen ale nan yon reyinyon obligatwa sou afè prezans avèk Ekip Sipò Elèv la pou kreye yon plan pou sipò ak chanjman. Pou w jwenn detay sou regleman parapò a prezans, gade [nan lyen sa a](#). Mèsi pou sipò w pandanke n ap ede tout elèv vin lekòl chak jou.

- **Regleman sou aparèy elektwonik-** Nou tout konen telefòn selilè se yon pati enpòtan nan lavi nou, sepandan sal de klas nou yo dwe fonksyone san distrikasyon, dekwa pou elèv nou yo kapab konsantre e aprann. N ap kontinye pèmèt elèv lekòl BGA itilize telefòn yo pandan peryòd tranzisyon yo ak peryòd manje midi yo. Nou pa pèmèt aparisyon telefòn selilè ni aparèy elektwonik, ni nou pa pèmèt elèv yo itilize yo pandan klas an fonksyon (san pèmisyon yon pwofesè). N ap kontinye ranfòse relgeman sa a dekwa pou elèv nou yo kapab konsantre yo sou aprantisaj nan sal de klas yo. Si fanmi yo bezwen kontakte elèv yo pandan klas ap fèt, yo kab toujou rele Biwo Direksyon BGA la (nan nimewo telefòn 617-635-9860) epi n ap konekte w avèk yo. Ou kapab jwenn detay sou regleman sa a [nan lyen sa a](#).
- **Sante ak Sekirite-** Sante w ak sekirite w ekstrèman enpòtan pou nou. Nou vilijan sou afè COVID, men nou atann yon debi nòmal pou ane skolè a. Tout klas ap kontinye an pèsòn, san opsyon lekòl adistans. Mete mask opsyonèl pou elèv yo ak manm pèsonèl yo. Nou vrèman ankouraje pou tout moun ajou parapò a vaksen yo (ou kapab jwenn lokal vaksen yo [nan lyen sa a](#)). P ap genyen tès COVID regilyèman pou elèv Lekòl Biblik Boston yo ane sa a, men n ap gen tès disponib nan lekòl la, si toutfwa sa ta nesesè. Nenpòt moun ki teste pozitif ap bezwen rete an karantèn lakay li pou omwen senk jou jiskaske li teste negatif. Tout moun dwe itilize [Lis kontwòl Lekòl Biblik Boston an \(BPS Health Checklist\)](#) chak jou- pa vin lekòl si w gen okenn sentòm. Paran/gadyen responsab ap toujou byenveni nan biling lekòl BGA la. Mèsi dèské w ap pwoteje tout moun e dèské w ap stope pwopagasyon COVID (sètadi : dèské w ap anpeche li gaye).
- **Transpòtasyon Lekòl Biblik Boston (BPS)-** Lekòl Biblik Boston ap voye tout deziyasyon bis yo bay fanmi yo pa lapòs e pa imel (sa yo pa soti nan men lekòl BGA). Si w pa arive resevwa li, tanpri kontakte depatman Transpòtasyon Lekòl Biblik Boston an (617-635-9520).
- **Edikasyon Espesyal-** Si elèv ou a gen yon Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) oswa yon plan 504, tanpri asire ke w kontakte Maritza Ciliberto, Direktris Edikasyon Espesyal nou an ([mciliberto@bostongreenacademy.org](mailto:mciliberto@bostongreenacademy.org)), dekwa pou n kapab resevwa dokiman w yo e aranje sipò ak sèvis apwopriye yo. Dokiman elèv aktyèl Lekòl Biblik Boston yo ap otomatikman pataje avèk nou. Elèv sila yo ki nouvo nan Lekol Biblik Boston dwe pataje dokiman yo avèk nou. Nou espere travay ansanm avè w !
- **Arive/Debakman nan lekòl la-** Elèv sila yo ki fè pati nivo etid mwayèn lekòl BGA la dwe antre nan biling lan nan bò ki bay sou ri Cambridge Street la, bò kote lakou paking BGA la. Elèv etid segondè BGA yo dwe antre nan mach eskalye ki bay devan an, nan ang (kafou) ri Warren Street ak Cambridge Street. Manm pèsonèl yo ap salye w nan toude antre yo pou akeyi w !

- **Orè ak kalandriye lekòl la-** Nan lyen sa a w ap jwenn [Orè son klòch yo pou lekòl BGA](#) ak [kalandriye Lekòl Piblik Boston an pou ane skolè 2023-24 la](#). N ap pral pataje yon kalandriye siplemantè lekòl BGA avè w aprè debi lekòl la k ap gen ladan l divès dat ak evènman patikilye. Kalandriye lekòl BGA la afiche sou [sit entènèt nou an](#), e n ap toujou mete li ajou sou sit la.
- **Regleman ak Pwosedi lekòl la-** [Dokiman « Kesyon Moun Poze Souvan » \(« FAQ document »\)](#) nou an kouvri piò sijè pou elèv nivo etid mwayèn ak nivo etid segondè yo, pou ede w kòmanse ane skolè a, pamì yo : enfòmasyon parapò a transpòtasyon, divès lis founiti, ak inifòm pou elèv nivo etid mwayèn yo. Tout elèv ak fanmi dwe konsilte tou [Gid lekòl BGA la pou Elèv ak Fanmi](#) ak [Gid Lekòl Piblik Boston an pou Elèv ak Fanmi](#).
- **Lekti ete-** tout elèv dwe konplete pwojè Lekti Ete a. Ou kapab jwenn detay yo sou li sou sit entènèt [www.bostongreenacademy.org/library](http://www.bostongreenacademy.org/library). Dat delè pwojè a se 13 septanm.
- **Lis founiti a-** Nou te voye lis founiti pou rantre lekòl la elektwonikman e ou kapab jwenn li [nan lyen sa a](#) pou tout nivo klas, sou sit entènèt lekòl BGA la ([www.bostongreenacademy.org](http://www.bostongreenacademy.org)).
- **Sipò teknolojik-** Elèv yo dwe pote òdinatè Chromebook Lekòl Piblik Boston yo avèk yo lekòl chak jou. Si w pa gen youn, lekòl BGA ap ba w youn premye jou lekòl. Èske w bezwen èd pou w ouvri yon sesyon pou w rantre sou « Aspen » oswa sou « Jupiter Grades » ? Èske w bezwen sipò pou imel oswa entènèt ? Gen divès vidéyo lesón pou tout teknoloji lekòl BGA yo ki disponib [nan lyen sa a](#) (kòmanse avèk « Aspen », ou kapab jwenn lesón an [nan lyen sa a](#)).
- **Sondaj sou bezwen fanmi yo-** nou vle tandem kòmantè w yo, dekwa pou n kapab founi fanmi yo avèk sa yo bezwen. Tanpri ranpli [sondaj brèf sa a](#) nan lyen sila a, pa pi ta ke kòsman ane skolè a. [Klike sou lyen sa a](#) pou vèzyon espayòl la.
- **Pwogram aprè jounen skolè yo-** Sa ban nou anpil plezi pou n kapab ofri lesón patikilye aprè jounen skolè yo yon lòt fwa ankò nan lekòl BGA, twa fwa pa semèn. Pou w enskri, tanpri ranpli e remèt [fòmilè sa a](#) bay konseye w la lè lekòl kòmanse. Epitou nou fyè pou n gen yon patenarya etabli avèk [West End House Boys & Girls Club](#) nan Allston/Brighton (jis yon ti distans brèf apye sot nan lekòl BGA) pou divès pwogram aprè jounen skolè yo, lesón patikilye, ak divès gran aktivite. Pou w enskri pou òf yo, ale sou [sit entènèt li a nan lyen sa a](#). Pwogram West End lan disponib lè mèkredi aprèmidi, lè BGA gen yon soti bonè.
- **Spò-** Lekòl BGA gen yon pwogram spòtif enteresan pou tout spò majè. Sa ban nou anpil plezi pou n anonse ke BGA ap ajoute senk ekip spòtif ane sa a kòm pati kowoperasyon « Boston United Co-Op » nou genyen avèk lekòl Mary Lyon ak Josiah Quincy Upper School : volebòl, atlestis enteryè, lit, pou ti fi, volebòl, ak atletis eksterryè pou ti gason. Sa se anplis de pwogram baskètbòl aktyèl « Boston United » nou yo pou ti gason ak ti fi. N ap kontinye kowoperasyon tou avèk Lekòl Segondè Brighton pou tout lòt spò. Pou ekip otòn yo ak eprèv seleksyon pou spò yo, klike sou [lyen sa a](#). Pou w enskri pou yon ekip, ou dwe enskri nan « Aspen » (direksyon yo nan [lyen sa a](#)). Nou ankouraje tout moun patisipe, men tanpri sonje ke yon mwayèn jeneral nòt (GPA) 2,0 obligatwa pou w kapab elijib. Si ou gen kesyon sou spò, tanpri kontakte Kowòdinatris Atletik lekòl BGA la, Madam Angelina Favaloro ([afavaloro@bostongreenacademy.org](mailto:afavaloro@bostongreenacademy.org)).

Ane sa a ap yon ane estraòdinè osilontan nou prezève konsantrasyon nou, sekirite nou, ak sante nou. Mèsi dèské w ap pran swen tèt ou e dèské n ap pran swen youn lòt. Nan lekòl BGA, nou konen ke w ap reyisi avèk travay di, devosyon, ak fyète. Nou mete nou a dispozisyon w e nou espere pase yon ane pwospè : Si w gen kèk kesyon, tanpri pa ezite kontakte Biwo Direksyon BGA la nan nimewo telefòn 617-635-9860 (li ouvè ant 7:30am e 3:30pm chak jou skolè) oubyen tcheke sit entènèt lekòl BGA la nan lyen [www.bostongreenacademy.org](http://www.bostongreenacademy.org). Yon lòt fwa ankò, nou swete w yon bòn ane skolè, e n ap wè w jedi, 7 septanm !

Mwen swete nou meyè ve m,



Matt Holzer, Direktè Lekòl la  
[mholzer@bostongreenacademy.org](mailto:mholzer@bostongreenacademy.org)

**Pou plis enfòmasyon :**

Si w gen kèk kesyon, tanpri pa ezite kontakte Konseye pitit ou a, relel Biwo Direksyon lekòl BGA la (617-635-9860), oubyen voye yon imel bay nenpòt nan moun suivan yo : (\*=habla español)

**Pou prezans ak sipò jeneral :**

Madam Nathalie De La Rosa\* - Asistan Chèf Manm Pèsonèl yo - [ndelarosa@bostongreenacademy.org](mailto:ndelarosa@bostongreenacademy.org)

**Pou pwograme evènman/randevou ak divès sipò :**

Madam Vanessa Brea\* - Konseyè Nivo Etid Mwayèn (klas 6yèm jiska 8yèm ane) -  
[vbrea@bostongreenacademy.org](mailto:vbrea@bostongreenacademy.org)

Mesye Bryant Craft - Konseye Nivo Etid Segondè (9yèm jiska 10yèm ane) -  
[bcraft@bostongreenacademy.org](mailto:bcraft@bostongreenacademy.org)

Madam Jodi Then - Konseyè Nivo Etid Segondè (klas 11yèm jiska 12yèm ane) -  
[jthen@bostongreenacademy.org](mailto:jthen@bostongreenacademy.org)

**Pou enskripsiyon nouvo elèv :**

Madam Amanda Reveles\* - Kowòdinatris Enskripsiyon - [areveles@bostongreenacademy.org](mailto:areveles@bostongreenacademy.org)

**Pou sipò ak kontak avèk fanmi yo :**

Mesye Michael Cabrera\* - Kowòdinatè pou Fanmi ak Kontak Kominotè -  
[mcabrera@bostongreenacademy.org](mailto:mcabrera@bostongreenacademy.org)

**Pou Edikasyon Espesyal :**

Madam Maritza Ciliberto\* - Direktris Edikasyon Espesyal - [mciliberto@bostongreenacademy.org](mailto:mciliberto@bostongreenacademy.org)

**Pou Elèv k ap Aprann Angle :**

Madam Mia Lefkowitz\* - Fasilitatè pou ESL (klas Angle kòm Dezyèm Lang) -  
[mlefkowitz@bostongreenacademy.org](mailto:mlefkowitz@bostongreenacademy.org)

**Pou Teknoloji ak Transpòtasyon :**

Mesye Ryne Deckard - Direktè Teknoloji - [rdeckard@bostongreenacademy.org](mailto:rdeckard@bostongreenacademy.org)

**Pou Aktivite Spòtif :**

Madam Angelina Favaloro- Kowòdinatris Aktivite Spòtif ak manm Ekip Sipò pou Elèv yo,  
[afavaloro@bostongreenacademy.org](mailto:afavaloro@bostongreenacademy.org)

**Pou Ekip Sipò Elèv la :**

Mesye Brian Gonsalves - Direktè Sipò pou Elèv yo/Travayè Sosyal Lekòl Mwayèn -

[bgonsalves@bostongreenacademy.org](mailto:bgonsalves@bostongreenacademy.org)

Mesye Regi Loving - Dwayen Elèv yo - [rloving@bostongreenacademy.org](mailto:rloving@bostongreenacademy.org)

Madam Katonya Gaines\* - Travayè Sosyal Edikasyon Espesyal - [kgaines@bostongreenacademy.org](mailto:kgaines@bostongreenacademy.org)

Madam Marlena Cesar-Mendez\* - Travayè Sosyal ELL (Elèv k ap Aprann Lang Angle) -

[mcesarmendez@bostongreenacademy.org](mailto:mcesarmendez@bostongreenacademy.org)

Madam Mayra Rivera\* - Sipò pou Elèv Lekòl Mwayèn - [mrivera@bostongreenacademy.org](mailto:mrivera@bostongreenacademy.org)

Mesye Jonathan Torres\* - Sipò pou Elèv Lekòl Mwayèn - [jtorres@bostongreenacademy.org](mailto:jtorres@bostongreenacademy.org)

Mesye Briea McDaniels - Sipò pou Elèv Lekòl Segondè - [bmcdaniels@bostongreenacademy.org](mailto:bmcdaniels@bostongreenacademy.org)

Mesye Taron Seaforth - Sipò pou Elèv Lekòl Segondè - [tseaforth@bostongreenacademy.org](mailto:tseaforth@bostongreenacademy.org)

Madam Lauren Kelton\* - Travayè Sosyal Lekòl Segondè - [lkelton@bostongreenacademy.org](mailto:lkelton@bostongreenacademy.org)

**Pou divès kesyon jeneral :**

Voye imel nan adrès imel [info@bostongreenacademy.org](mailto:info@bostongreenacademy.org) epi n ap pase l bay moun apwopriye yo